


Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 13-14 (7206) 8 апрель Рузман 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ


Данделъаби: Районалъ - 80 сон

## Юбилеялда хурхун

Араб анкьалда райадминистрациялда тIобитIана иргадулаб данделъи. Гьенив кIалъалаго ГI. НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна республикаялъул БетIер Р. ГIабдулатIипов вачIиналде хIадурлъиялъулъ жигараб бутIа лъурал руччабазе. Абуна районалда гьабураб хIалтIуе гьес лъикIаб къимат кьуниланги. Гьединго бетIерас бихьизабуна неформальнияб къагIидаялъ гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул суалалда хурхун нилъер нахъеккей бугилан. Масала, Хасавюрт шагьаралда гьел суалал I25 % тIуран ругеб мехалъ нилъер тIуран руго гIицIго 8 %. Гьединго районалъ 80 сон тIубаялда тIадчIей гьабулаго гьес бихьизабуна хIадурлъиялъулъ кигIан дагьабниги щвалде щунгутIи букIине бегьуларилан. «Гьеб ишалъе финансовияб рахъалдалъун хьезаби букIине буго. Нилъедехун хинаб гьоркьоблъи буго цогидал районазул. Гьел тIаде къабул гьари тIадегIанаб даражаялда инеги ккола»,-ян бихьизабуна бетIерас.

* * *



Гьединго араб анкьалъ райадминистрациялда тIобитIана иргадулаб аппаратальулаб совещание. Совещание бачана ГI. НурмухIамадовас.

Данделъиялда аслияб суал букIана Унсоколо районалъ 80 сон тIубаялде хIадурлъиялъул. Гьеб суалалда хурхун кIалъана культураялъул отделениялъул нач. ХI. МухIамадов. Гьес бихьизабуна районалъул юбилей кIодо гьабиялъе оргкомитет гIуцIун бугин. Гьенире гьоркьоре рачун руго администрациялъул отделазул начальникал ва учреждениязул нухмалъулел. Гьелъие хIадурун буго комплекснияб планги.

Ахиралда ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна тIадегIанаб даражаялда юбилей тIобитIиялъе киналго ресал ругин, гьеб ралIа-ракьанде щвараб хIадурлъигун тIобитIиялъе кинабго гьабизеги ккола.

**<u>Унсоколо район гIуцIаралдаса 80 сон тIубаялъул тадбир букIине буго гьаб соналъул 30 апрелалда. ГIахьаллъизе бокьарал рачIине бегьула.</u>**

# ГIилла-гIадатияб лъавукълъи



**Араб анкьалда районалда букIана РДялъул националияб политикаялъул министр Татяна Гамалей ва цогидалги вакилзабазулгун дандчIвай. Гьелда гьоркьор рукIана РДялъул БетIерасул гIакълучи, политикиял гIелмабазул доктор Камиль Ланда, «Дагестанская правда» газеталъул бетIерай редактор Бурлият Токболатова, ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб Авар театралъул директор М-Р. МухIамадрасулов ва ДГПУялъул декан П. ГIумарова.**

**ГIадада тIаса бищараб букIинчIо нилъер районалда гьеб данделъи тIобитIизе: гьаб буго кIиго имамасул ВатIан, тарихалдалъунгун культураялдалъун бечедаб бакI, кидаго гьаб рикIкIунаан республикаялъул ракIлъун, гьелда бухьараб букIана Дагъистаналъул халкъалъул общественнияб пикро.**

Залалда рукIана росабазул бутIрул, учреждениял-организациязул нухмалъулел. Повесткаялда рукIана лъабго суал: Районалда общественниябгун политикияб ахIвал-хIал, общественниял организациязулгун цадахъаб хIалтIи, гьединго экстремизм-терроризмалда дандечIеялъул хIалтIи гьаби. БатIаго балагьиялде босун букIана гьеб рахъалъ лъай кьеялъул учреждениязда гьабулеб хIалтIиги. Гьел суалазда хурхун кIудияб бахIс букIана данделъиялда.

Данделъи рагьулаго районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна ахирияб заманалда районалдехун лъикIаб бербалагьи лъугьун бугин республикаялъул нухмалъиялъул. -Гьал къоязда нилъехъ вукIана РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIипов. Гьес бихьизабуна районалда ахIвал-хIал чIара-хьараб бугин, амма жеги захIмалъабиги камун гьечIин, бихьизабуна нилъеца жеги гIемераб хIалтIи гьабизе кколилан.

Профессор Камиль Ландаца бихьизабуна районалда терроризм-экстремизмалъул ахIвал-хIал лъагIелаз гIуцIанин, амма гьеб биххизабизе лъилго къуват гIолеб букIинчIилан. «Нилъ политикаялда тIад хIалтIани, нилъеда тIад политикаги хIалтIула. Кинабго квешлъи бижула лъай кьей лъикI гьечIеб бакIалда, гьелда рарал руго бусурбабазул тIолалго хIукуматазда гьадинал балагьал ккеялъе гIиллабиги. Лъай гьечIони нилъ руго чияр кверзукь ругел беццал тIагIалаби»,-ян бихьизабуна Ландаца. –БукIана замана лъай букIиналъул рахъалъ дагъистаниял Западалъул Европаялда бащад гьабулелги. Дица хьул гьабулеб буго Дагъистан къокъаб заманалда хисилилан,-ян абуна хадубги гьес.

Т. Гамалеялъ бихьизабуна гьабагIаталда дагъистаниязул аслияб масъала бугин рекъел ва чIара-хьараб хIал бук1инаби, экономика, росдал магIишат, туризм цебетIезаби, гьеб кинабго гIумроялде бахъунаро киназго къуват рехичIони. Щивасда лъазе ккола Дагъистан ракълилаб гьечIони гьениб лъицаниги инвестициял лъезе гьечIолъи, цебе тIезе гьечIо туризмги. ГIодобегIанаб даражаялда буго нилъер медицина, квешаб рахъалде хисун буго чиясул гIакъло, цересел лъикIлъаби, намуслъизе ккараллъун руго нилъ жакъа, цIогь, лъай гьечIолъи модаялде бачIараблъун буго нилъее. Унтарал унел руго Ростовалде ва цогидалги бакIазде. Нилъер гьаниб медицинаялъул лъай гIарцудалъун тIубалеб букIиналъ, гIемерлъун руго «хIинкъизе ккарал гIадал» врачал. Гьединалго руго нилъер экономика ва тарбия кьолел педагогал. Нилъер тарбиялъ зарал кьуна нилъеего. –Дир хIисабалда цо нух буго, гIолилалгун хIалтIи, гьеб байбихьизеги ккола лъимер гьабуралдаса. ГIемераб жо бараб буго школазул директоразда. Гьелъухъ гIарацги босун къватIире риччалел руго лъай гьечIел, хъачIал гIабдалзаби, гьебги заралгун эбел-инсуде роргулел, гьединал гIадамазул асаралъ хвезабулеб буго сверухълъи,-ян бихьизабуна хадубги министралъ. – Гьанже кинабго бараб буго нилъеда, хасго руччабазда. Дица нуж ахIула руччабазул Совет гIуцIизе, гьелъ районалъул гIемерисел суалазда хадуб хал кквезе.

(Ахир 5 гьумералда)

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 13-14 (7206)*
*8 апрель 2016 сон*



**Гьаб соналъул 30 апрелалда Шамильхъала поселокалда район налъул администрациялъул майданалда букIине буго Унсоколо районалъ 80 сон тIубаялъул юбилеялъулаб тадбир. ГIахьаллъизе бокьарал ахIула тадбиралде.**



*Унсоколо район гIуцIун – 80 сон*

# МустахIикъаб хIалхьиялде - къадро-къиматалда

Араб анкьалда кIудияб чIаголъи букIана Унсоколо районалъул больницаялда. Гьенир унел рукIана медиказул иргадулал данделъаби. Гьединго гьеб къоялъ мустахIикъаб хIалхьиялде йитIана больницаялъул цеегосей врач, ветеран-педиатр ХIусейнова Разият ХIусейновна. Рохалилаб данделъиялда коллективалъе баркала кьун кIалъазе яхъарай Разият ХIусейновалъ бихьизабуна: -Гьаб хIалтIуда дица бана 58 сон, районалъул щибаб хъизаналъул рокъобе рохел-талихI рештIинабизе кIолеб хIалтIи гIумроялъго тIубазабизе рес щвеялъ йохарайлъун йиго дун жакъа,-абун. Хадуб-ги гьелъ гьадинаб кIалъай гьабуна:

Огь, мун гIолохъанлъи, мун гIолохъанлъи
Бадиб цIа камилаб, гьурмал кьер сахаб,
Цинги дур гьуинлъи, унго тирилъи
РекIелъ тIегьалеб куц, гьайбатал тIугьдул.
Инарилан кколеб, къимат цIуничIеб
Рак1алде щвеязулъ, даим хут1араб,
Гьумерги берцинаб, хIетI-кверги хехаб
ТалихI-рохелалъул ралъад гIадинаб.
Амма гуккулеб куц, дур камиллъиялъ
Нахъе руссиналде ссун ун батула.
Камилаб черхалъул чучун уна сан
ЦIадулаб ракIалъул хун уна хинлъи.
БукIараб дидаги гIолохъанаб мех
МахIалда хIал бугеб, хIалхьи лъалареб,
Унтаразул сахлъи щула гьабизе
Чода росабалъе сапар бухьунеб.
Щивасул рокъобе нуцIида кIутIун
Сахлъи кин бугебан цIех-рехаз унеб,
Лъималги улбулги сахго рукIине
Къаси-къад чIечIого хIалтIизе кIолеб.
БукIана замана коллективалъул
Кьадру-къимат цIунун къецал гIуцIулеб,
Гьайбатал вечерал, лъикIаб гьалмагълъи
Сапарал, дандчIваял, гьелдаса чIухIи.
Авал бугонани ахир букIуна
РештIана дидеги тIегь гьвараб хасел,
Амма пашман гьечIо, гIумро унилан
БукIиндал гIумродул завалаб рии.
Дица гьабулебги нухда бачине
Руго махщел бугел врачал нилъер,
Бажари камилал, намус бацIцIадал
Нуж ракьалда рукIун, йохун йиго дун.
Баркала, хириял, цадахъ хIалтIарал,
Вацаллъун яццаллъун дий рукIаралъухъ,
Адаб-хатир течIел, кумек кIудиял
Ккаралъур ратарал, гIаданлъи тIокIал.

Данделъиялда Разият ХIусейновалъул хIалтIуе лъикIаб къимат кьуна машгьурав хирург Ибрагьим МухIамадовас. Гьес абуна: Доб букIана район Хьаргабиб бугеб заман. Хехаб ахIи бачIана райцентралдасан партиялъул райкомалъул данделъиялде ахIулев вугилан. Больницаялда гIезегIан захIматго лъимер гьабизе бугей гIадан йикIана. ВукIинчIо гьелда цеве тезе гIадав врач. Гьеб заманалда гIолохъанай Разият хIалтIулей йикIана педиатрлъун. Гьелъул цIодорлъиги хIалтIуде бугеб бажариги дида цебего бихьун букIана. Гьелда тIад къана унтарай. ТIад вуссиналде щибго гьалатI ккечIого тIубазабун батана Разиятица гьеб хIалтIи. Ва щибаб ишалъулъ гьей ятIа гьаюлаан киналъулго специалист гIадин.

КIалъазе рахъарал цадахъ хIалтIулез, хасго ГI. ГIабдулаевалъги лъикIаб къимат кьуна Разиятил хIалтIул ишалъе ва гIаданлъиялъул ра хъалъе. Жиндирго кIалъаялда районалъул больницаялъул бетIерай врач ГIайшат МухIамадовалъ гIемерал хинал рагIаби абуна Разият ХIусейновалъул рахъалъ ва хIажалъун ахIани ячIине ккелинги цебе суал лъуна. Р. ХIусейновалъе ва цогидалги медиказе ГI. МухIамадовалъ кьуна сайгъаталги.



КIалъана Разиятил гIагарал: Зайнаб ХIусейнова, Саният КъебедмухIамадова, Аминат ГIусмановаги. Гьез лъикIаб къимат кьуна Разият ХIусейновалъул гIаданлъиялъе, йикIа-яхъиналъе, баркала загьир гьабуна гьей цадахъ хIалтIара больницаялъул коллективалъе.

Хадуб Разият ХIусейновалъ тепсиялда нахъе ахIана медиказул нусгоялдаса цIикIкIарав чи. Гьез гьабулеб кIудияб гьари-рахьиялдалъун лъугIана тадбирги.

***Нижер мухбир.***

# Лъималазул сахлъиялъе кьураб гIумро

I950-60 соназда умумазул гIадатазги гIадлияв нухазги къан ккураб Унсоколо росулъа МахIачхъалаялде цIализе киса гурин, росу тун хIажат ккунцин руччаби, хасго ясал къватIире унароан. Росу ккуралдаса заманаялъ рижизарурал гIадатазул законал хвезаризе лъиданиги кIолароан. Гьеб хвезабуралин абуни мекъаб нухдасан арал киниги рагIул «иххаз» рахъ-рахъалде гьелчезарулаан. Гьеб росулъ бугел гIадатазул законалдеги, руччабаздехун гьениб гьабулеб кьварараб бербалагьиялдеги данде ине кIварал ясал доб заманалда рукIана ХIусейнова Ра зиятги, жиндир мунагьал чурай ГIабдулаева Загьидатги (суратазда). КIийяйго гIолилалъ цадахъ анищал гьарулаан врачаллъунги рахъун, росдал ва районалъул гIадамазе хъулухъ гьабизе. Пикрабазулъ гьезда жалго рихьулаан хъахIал халгIаталги ретIун, унтаразул тIалаб-агъазалда. Ясазул анищазул рахъ ккуна Разиятил эмен ХIусеница. Загьидатил эбел АхIмадинова ГIайшатидаги кIалъан, кIиялго Дагъистаналъул мецинаялъул институталде цIализе къезе пикру ккана гьазул.



Райкомпартиялъул кIиабилей секретарьлъун эбел хIалтIулей Загьидатие бигьаго букIана цIияб нухде гали тIамизе. «ЦIаличIони гIадамасулъ лъикIал рахъал цере тIоларо»,-ян абулаан Загьидатил эбел ГIайшатица. Амма Ра зиятил эбел ЛатIипат кьварун данде яхъуней йикIана «Дун росдал гIадамазухъ кин ялагьилей, ясги шагьаралда тун, сардал кин рогьинел?»,-абун. Кин бугониги рагьдасан кьалдасан росабазул тукабазде къайи баччулев РайПОялъул шофер, ГьаракIуниса Шихалил рагьараб машинаялда, цадахъ ХIусенгун ясаз шагьаралде сапар бухьана. ЩIуял жал цIализе ритIулев эмен кинав чи вукIунев?,-ян чанги хIенсолел рукIана ХIусенида гIадамал. «Пурцил ургъел гIоркь ккурас гьабилин»,-ян дандеги абун, гьес рагIул хал гьабичIо.

Амма кидаго гуро рекIее бокьухъе анищал тIуралел. Мединституталде лъугьунаго кIиабилеб экзаменалда кIийил къимат ккана Разиятие, цIализе йорчIана Загьидат. Гьанже гIадин гIарцуца битIабишизаби цебе букIинчIелъул, щиб гьабилебали лъаларого хутIун йикIана гьей. Доб заманалда партиялъул райкомалда хIалтIулей йикIарай Елизавета Матвеевналъул вас МухIамад цIалулев вукIана мединституталда, ракIалдаго гьечIого нухда унесда машина тункун, гьев ккун вукIана туснахъалде. Эбелалъ гьесухъе битIараб передача кьезе ине ккана Разиятги Загьидатги. Ккара-таралъул гьесда бициндал МухIамадица Разиятида абуна: гьединал цIализе гьира бугел гIолилал цIализе ккола, медучилищеялде лъугьани лъикI гуребдай, дуе,-ян. Гьедин гьабизеги гьабуна Разиятица.

Лъимал гIемараб хъизаналдаса йикIиналъ рокъосан Разиятие кIудияб кумек букIунароан. Гьединлъидал училищеялда стипендия щвезе гьай цIалулаан гIицIго «щуйил» къиматазда.

Гьедин МахIачхъалаялъул медучилище Разиятица лъикIал къиматазда лъугIизабуна ва I958 соналда росулъе медпункталде хIалтIизе ячIана.

Амма ракIалъе хIалхьи толеб букIинчIо мединституталде цIализе лъугьине бугеб гьираялъ. ХIалтIулаго къойилго хIадурлъулаан гьей цIализе лъугьине. I963 соналда тIубана Разиятил аниш. Бигьаго букIинчIо цIали рос-рукъгун, гьитIинаб лъимергун. Амма ракIалъ тIаса бищараб букIиналъ гьеб тIубазабичIого нухда тезе ресги букIинчIо, лъабил къимат ккани щолароан стипендияги. Сардил макъу тараб захIматалъулъан лъадаризе ккана гьай…

Ана цIалул сонал. I970 соналда институт лъугIарай Разиятида цебе лъун букIана врачал гьечIеб Иркутск областалъул Нижне-Ильинск районалде хIалтIизе ине кколин абураб суал. Росгун ятIалъарай гьейгун ва лъималгун цадахъ Сибиралъул ракьалде ана эмен ва Шестаково поселокалда байбихьана цIияб гIумро. Полохъанай врачалъул ва гье лъул хъизаналъул кIудияб адабхIурмат гьабулаан поселока лъулаз. Гьанжего гьанже рачIарал Дагъистаниязе хIажатаб босун рачIунаан гьел, сундулъго кумек гьабулаан гьазие. КIиго хIалтIул мухь кьолаан Разиятие гьениб. Росулъ йигей эбелалъецин гьабулаан кумек. Росана поселокалда рукъзалги.

Лъабго соналъ Сибиралдаги хIалтIун тIад юссана Разият Дагъистаналде ва цIидасан хIалтIизе гьей йитIула Ленинкент поселокалде.

РикIкIада гIумро тIамурасда гIадин гIагараб ВатIаналъул къимат лъаларилан абула. Меседил клеткаялъуб тIамураб хIанчIица ВатIан, ВатIанилан ахIидал, кигIан лъикIаб ВатIан гьалъул бугеб,- ян биччарабила къватIибе. ХIинчI рештIанила гIурул рагIалда бугеб хьархида тIад. Гьедин ВатIаналде цIалеб букIана Разиятил ракI. Росулъе гьей тIад юссана I978 соналда. Гьелдаса нахъе гьанжелъизегIан хIалтIулей йикIана районалъул больницаялда лъималазул отделениялъул педиатрлъун, отделениялъул завлъун, кIудияй педиатрлъун.

*(Ахир 6 гьумералда)*

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 13-14 (7206)*
*8 апрель 2016 сон*

*3 гъумер*

# *Поэзиялъул гъумер*



## *Илбис-жахIда жибго те*

Берциналгун чемхIедун,
Чалухалгун къацандун
Дурго гьечIеб, бугезде
Данде рагъ баге, гьудул.

Ярагъ гIодоб рехун те
ДагIба-къец лъугIизе те,
Тату лъийго кьолареб
Кьвагьи бугин, дур, гьалмагъ.

ВацIадав хIинкъуларин
ХIал бугеб къун чIоларин,
ХIусуд-жахIжа жибго тун
Ракълида чIа, дир гьалмагъ.

Гьуинлъи, берцинлъигIан
Беццараб щибго гьечIин,
ЩайтIан, илбисгун цадахъ
Цо нухдасан хьвадуге.

## ГьечIогойищ хутIарав?

ГьотIода бекI балелъул
Балугълъунищ вукIинчIев?
Пихъ барщулеб гIужалда
ГьечIогойищ хутIарав?

Харида тIегь балелъул
МахIищ дуде бачIинчIеб?
Баккун бачIунеб бакъул
Канлъийищ дуда чIвачIеб?

Камиллъулел лугбузул
Халищ дуца гьабичIеб?

Гьелъул хIисаб гьабизе
ГьитIингойищ вукIарав?

ЧIоролоялъ рачунел
Бакънал рагIичIогойищ,
РагIдукье вачIайилан
Гьарулеб гъветI кIочонищ?

Гьанже мун кватIун гьечIищ
Дир кавудахъ кIетIезе,
КIортун кьижараб рекIел
РахIат хвезе гьабизе?

## Хасалил сордо

***Хасалил сордоги, сардил бецIлъиги,***
***МугIрузда гIунараб гIазул цIоройги,***
***ЦIорол гIансиялда сверараб хIорги,***
***ХIалхьуда кьижараб гьаб тIабигIатги.***

***Рагьдухъ азбаралда гьорол зигарди***
***Зобалазда гьечIеб цIохIониги цIва,***
***ЦIорол гордабазда тIад бигьараб мартI***
***Макьида босараб росдал жамагIат.***

***Жаниб цIа сунн унеб гъаситодухъ дун***
***Сон араб къоялъул пикрабалъ йиго,***
***Ккараб гьалатIалъул, хъвачIеб кечIалъул***
***ТIубачIого тараб тIадаб ишалъул.***

## Бицунге дие

ГIела, гьудул, дие такрар гьабуге
Гьеб цохIого рокьул бицунеб хабар,
ХарибакIал реце, гIи-боцIи хьихье
ГIолареб щиб бугеб, къавулъан цIехей.

Къоло щуго соналъ щибаб сагIаталъ
СахIица борцана дица дур рокьи,
Рикьицин гIолареб, къали цIолареб
Рукъалъе щибниги хайирцин гьечIеб.

Хуриб хьананиги хьон тIирщулареб
ТIалиниб гъуниги гьоцIо кьолареб,
ЦIеда хьаг лъуниги хинкI белъунареб
Хайир гьечIеб рокьул бицунге дие.

## Рахьдал мацI

ТIоцебе баба,-ян дица ахIараб
ХIеренлъи, недегьлъи рахьдал мацIалъул,
Аваристаналъул ракI жаниб лъураб
Жавгьарул гъамаслъун буго дие мун.

Эбелалъ хIинчIилан дида абураб
Улкаялъ ясилан диде ахIараб,
МугIрул тIалъиялъе, магIарулазе
Хирияб рахьдал мацI, мун бокьулеб куц!

***Суайбат ХIАМЗАТОВА.***



## Вусса, ГIали, рокъов – дир рекIел кунчIи

*Вусса, ГIали, рокъов – дир рекIел кунчIи*
*Киналго хиялал дир мунгун ругин,*
*Хирияй эбелищ дуда кIочарай*
*КIарчамлъиго кинаб лъугIиго гьечIеб?*
*Дир тарбияйищха, дуй, рекъон ккечIеб*
*РитIухълъи куцалей йикIанин эбел?*
*РокьичIищ школалда рицарал дарсал,*
*Мальараб гIурус мацI, анкьабго сональ.*
*Анцl-анцI нухаль цIалун текстал рицарав*
*БосичIеб кин дуца мисал лъикIазул,*
*Лъалареб хIисабгун гIемер хIалтIарав,*
*ХIалимлъи тIагIунищ дица дуй кьураб?*
*Рогьел рехилалде тIаде вахьунев,*
*ТIубан хисун бугищ, дур гIумрудул нух?*
*ГIемераб хIалтIуе кверал мутIигIав*
*Кин цебе чIоларeб рукъальул яшав?*
*Васал рещцулельул улбузда аскIой*
*Цо дир букIунеб хIал, лъай дуда, ГIали,*
*Лъил тIалабазухье кьун йигей эбел,*
*Унел ругин сонал, вусса росулье!*

## КIодоэбелалъул гьитIинаб гIарза

ГIумру гIалахалда тIамурай кIодо
Рахьдахъ, нисдахъ, хIанихъ урхъун йикIана,
ХIайваналги лъугIун, гIакаги бичун
Бечегун хутIана бокьичIоники.
Базар хьирщаниги рекIей рекъолеб
Рукъалъул хIан щвечIо, ай гьарималъе,
Гъолъул адинабин, долъул квешабин
Квер хъвачIого тана босарабщинаб.
«ЧIухIизе бегьулеб дунял гьечIилан»
Гьалда гар-гадана цоги хараби,
«Доб араб рахараб хIукумат гурин»
РакI-макI батиялъе рицана харбал.
«Гьанже нуж чIайилан, кIалъазе те»,-ян
Лъазе гьабуна гьалъ аскIор ругезда,
Рахьдал хIал лъазегIан хIалтIарай дида
ТIаде кIалъалел нуж, кисан рачIарал?»
БитIарабищ бугеб цо килоялъухъ
КIинусго гIечIого тIадеги гъурщал?
ТIорахь бихьулареб рахьдал бахьиги
Багьа цIикIкIиналъе гIиллайищ ккараб?
-Херай, мун мекьи ккун ятизе гурин
Кього нухалъ борце, цо нухалъ къотIе,
КъватIиб кваназе бакI бегьичIеб гIакдай
ПорцIизегIан кIалцIи сундухъ босилеб?
ГIака кин бакъулеб магIарулалъул,
Бекье хур, беце хер, бакIари тIощел
БатIаго корма щай, цIоросаролъил
ЦIикIкIун гьечIищ пайда, гьабе цо хIисаб.
Нужее кинабго бигьалъун буго
Бегьулеб къагIида, гьерсал рицине?
Цого заманалда, цогояб рахьдал
Продукция кIиго кин хIадурулеб?

## ЕГЭялдехун бербалагьи

*Дун йохун йигеб куц ЕГЭялдаса*
*Дида гьеб ритIухъаб бугилан ккола.*
*Балал лъикIал щола, дарсал цIалани*
*ВУЗазде рорчIула пагьму цIикIкIарал.*

*Дунял щун бугеб бакI лъалarелщинал*
*Лъайил къимат гIелин чIезе бегьила,*
*Общество лъаялъулъ бугеб бечелъи*
*Бокьуларогонищ цIалдохъабазе?*

*Пакъир, гIурус мацIалъ кIвекIулел ругищ*
*ГIалимзабаз цIияв законал рахьун?*
*Цинги хIисабалъул хIал кколеб бугищ*
*БакIго хисулареб, тезе рес гьеч1еб?*

*Щибго бокьичIого гIумро т1амулел*
*Пилла бич1ч1уларо, гьал лъималазул.*
*ГьалатIал г1емерал хъвай-хъвагIаяз, нуж*
*Церехун инадай, г1умродал нухда?*

*Г1умроялдъул аслу, нужее кьолел*
*Жиб-жиб ЕГЭялъукь, щайзе хIинкъулел?*
*Бук1инесеб нужей х1адур гьабулеб*
*КIул бергьенлъиялъул гьелъулъин бугеб.*

***ГIайшат ХЪАРАГИШИЕВА***

Ахихъан
Районалъул газета
№13-14 (7206)
8 апрель 2016 сон
4 гъумер



Электронные сервисы ФНС России nalog.ru

# Электронные сервисы ФНС России: навстречу налогоплательщикам

Развитие Интернет-сервисов ФНС России является одним из приоритетных направлений деятельности Службы в рамках повышения качества обслуживания налогоплательщиков.

Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц

Сервис «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц» позволяет налогоплательщику получать актуальную информацию о задолженности по налогам перед бюджетом, о суммах начисленных и уплаченных налоговых платежей, об объектах движимого и недвижимого имущества, контролировать состояние расчетов с бюджетом, получать и распечатывать налоговые уведомления и квитанции на уплату налоговых платежей, оплачивать налоговую задолженность, обращаться в налоговые органы без личного визита в налоговую инспекцию.

Узнай свою задолженность (для физ. лиц)

Сервис «Узнай свою задолженность» предоставляет пользователям возможность осуществлять поиск информации о задолженности по имущественному, транспортному, земельному налогам, налогу на доходы физических лиц (только для физических лиц, граждан РФ) и распечатать платежный документ (извещение) по форме №ПД (налог).

Обращение в УФНС (ИФНС) России (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Данный сервис является дополнительным средством для обращений физических и юридических лиц в Федеральную налоговую службу.

Онлайн запись на прием в инспекцию (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Сервис «Онлайн запись на прием в инспекцию» предоставляет налогоплательщику возможность записаться на прием в выбранное время в налоговую инспекцию в режиме онлайн. Услуга предоставляется как юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям, так и физическим лицам.

Проверь себя и контрагента (для юр лиц и ИП)

Сведения о юр.лицах и индивидуальных предпринимателях

Онлайн запись на прием в инспекцию (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Сервис «Онлайн запись на прием в инспекцию» предоставляет налогоплательщику возможность записаться на прием в выбранное время в налоговую инспекцию в режиме онлайн. Услуга предоставляется как юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям, так и физическим лицам.

Разъяснения Федеральной налоговой службы, обязательные для применения налоговыми органами (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Ресурс разъясняет налогоплательщикам и сотрудникам территориальных налоговых органов официальную позицию ФНС России о порядке заполнения налоговых деклараций, исчисления и уплаты налогов и сборов, согласованную с Минфином России.

Часто задаваемые вопросы (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Сервис создан для повышения качества информирования налогоплательщиков. Здесь собрана база ответов на самые актуальные вопросы налогоплательщиков: о действующем налоговом законодательстве, ставках имущественных налогов, льготах, о порядке взаимодействия с налоговыми органами по различным вопросам и т.д.

Обращение в ФНС России (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Данный сервис является дополнительным средством для обращений физических и юридических лиц в Федеральную налоговую службу.

Узнать о жалобе (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Данный сервис предоставляет возможность организациям и физическим лицам получать информацию о ходе и результатах рассмотрения обращений (жалоб, заявлений, предложений), поступивших в Федеральную налоговую службу.

Нормативные и методические материалы ФНС России (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Нормативные и методические материалы ФНС России

Анкетирование (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Предлагается возможность оценить работу налоговых органов

Почтовая рассылка сайта ФНС России (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Позволяет получать обновления сайта ФНС из интересующей пользователя рубрики.

Адрес и платежные реквизиты Вашей инспекции (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Позволяет налогоплательщику по своему адресу узнать номер, адрес и реквизиты своей налоговой инспекции.

Узнай ИНН (для физ. лиц и ИП)

Данный сервис позволяет: узнать свой ИНН; узнать ИНН физического лица.

Подача заявления физического лица о постановке на учет (для физ. лиц)

Сервис позволяет:

заполнить заявление физического лица о постановке на учет в налоговом органе на территории Российской Федерации;

зарегистрировать и отправить в налоговый орган заполненное заявление (в том числе заверенное усиленной квалифицированной электронной подписью заявителя);

получать информацию о состоянии обработки (о статусе) заявления в налоговом органе по адресу электронной почты (если Вы укажете его в заявлении) или при повторном обращении на сайт ФНС России;

получить Свидетельство о постановке на учет (в бумажном или электронном виде по Вашему выбору).

Подача электронных документов на государственную регистрацию юридических лиц и индивидуальных предпринимателей (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Сервис предоставляет возможность направить пакет документов в налоговый орган при государственной регистрации юридических лиц и индивидуальных предпринимателей. Сервис требует наличия ЭЦП и установки специальной программы подготовки пакета документов. При этом свидетельство о государственной регистрации можно получить удобным для налогоплательщика способом, не требуется обязательного личного визита в налоговую инспекцию.

Подача заявки на государственную регистрацию в качестве индивидуального предпринимателя(для физ. лиц и ИП)

Сервис позволяет физическим лицам, регистрируемым в качестве индивидуального предпринимателя, направить заявку на государственную регистрацию. Сервис работает в интерактивном режиме и не требует наличия ЭЦП. Для получения свидетельства о государственной регистрации потребуется личный визит в налоговую инспекцию.

Создай свой бизнес (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Сервис представляет собой интерактивную пошаговую инструкцию для начинающих предпринимателей: поможет выбрать форму регистрации и режим налогообложения, осуществить государственную регистрацию, узнать о правилах применения контрольно-кассовой техники, получить необходимую информацию о процедуре проверения налоговых проверок.

Имущественные налоги: ставки и льготы (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Интернет-сервис «Имущественные налоги: ставки и льготы» создан в целях совершенствования администрирования имущественных налогов и повышения эффективности информирования налогоплательщиков по вопросам применения налоговых ставок и льгот по следующим налогамСроки направления налоговых уведомлений (для физ. лиц)

Позволяет узнать о запланированных сроках направления налоговых уведомлений по налогу на имущество физических лиц, транспортному и земельному налогам в конкретной налоговой инспекции.

Заплати налоги (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Сервис «Заплати налоги» позволяет налогоплательщикам – как физическим, так и юридическим лицам – формировать платежные документы и осуществлять оплату в режиме онлайн через один из банков-партнеров, заключивших соглашение с ФНС России.

Заполнить платежное поручение (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Позволяет подготовить платежные документы на перечисление налогов, сборов и иных платежей в бюджетную систему Российской Федерации в электронном виде.

Уплата госпошлины (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Позволяет подготовить платежные документы на перечисление налогов, сборов и иных платежей в бюджетную систему Российской Федерации в электронном виде.

Доступ к ЕГРЮЛ и ЕГРИП (для юр лиц и ИП)

Данный сервис предоставляет возможность получения сведений из Единого государственного реестра юридических лиц (ЕГРЮЛ) и Единого государственного реестра индивидуальных предпринимателей (ЕГРИП) в электронном виде через сеть Интернет.

Представление налоговой и бухгалтерской отчетности в электронном виде (для юр лиц и ИП)

Представление налоговой и бухгалтерской отчетности в электронном виде

Вакансии (для физ. лиц)

Сервис предназначен для информирования о вакансиях ФНС России.

Федеральная информационная адресная система (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Сервис «Федеральная информационная адресная система (ФИАС)» позволяет получить достоверную, единообразную, общедоступную, структурированную адресную информацию по территории Российской Федерации.

Форум сайта ФНС России (для физ. лиц, юр лиц и ИП)

Форум предназначен для того, чтобы пользователи: могли найти ответ на свой вопрос; публиковали на нем ответ на вопрос, интересный многим.

*М.Д. Курахмаев*

*Начальник ОРНП МРИ ФНС России № 10 по РД*

# Стандартные налоговые вычеты

1 января 2016 года, стандартный вычет по НДФЛ на каждого ребенка-инвалида родителям и усыновителям будет увеличен с 3 000 до 12 000 рублей, а опекунам, попечителям и приемным родителям — с 3 000 до 6 000 рублей. Кроме этого, для всех родителей предельный размер доходов в целях применения стандартных вычетов по НДФЛ на детей вырастет с 280 до 350 тысяч рублей.

Таким образом, с 2016 года вычеты на детей будут предоставляться в следующих размерах:

- 1 400 рублей — на первого и второго ребенка;
- 3 000 рублей — на третьего и каждого последующего ребенка;
- 12 000 рублей (для родителя, супруга (супруги) родителя и усыновителя) — на каждого ребенка-инвалида до 18 лет, или учащегося очной формы обучения, аспиранта, ординатора, интерна, студента в возрасте до 24 лет, если он является инвалидом I или II группы;
- 6 000 (для опекуна, попечителя, приемного родителя, супруга (супруги) приемного родителя) — на каждого ребенка-инвалида до 18 лет, или учащегося очной формы обучения, аспиранта, ординатора, интерна, студента в возрасте до 24 лет, если он является инвалидом I или II группы.

**М.Курахмаев**

**Начальник ОРНП МРИ ФНС России № 10 по РД**

# Памятка

Имущественный налоговый вычет – это сумма, на которую можно уменьшить налоговую базу по налогу на доходы физических лиц. Размер вычета устанавливается законодательством РФ и зависит от различных факторов, например, от того как долго имущество находилось в собственности.

Различают две основные группы имущественных вычетов: при покупке имущества и при его продаже.

1. Налоговый имущественный вычет при покупке имущества.

Наиболее частая ситуация – получение вычета при покупке квартиры. Максимальный размер – 2 000 000 рублей (1 000 000 рублей – по имуществу, приобретенному до 1 января 2008 года) без учета сумм на уплату процентов по кредиту. Проценты признаются в полном размере при условии, что кредит носит целевой характер.

Имущественные вычеты применяются к доходам, облагаемым по ставке 13%. Это означает, что физическое лицо может максимально получить 260 000 рублей (2 000 000 * 13%). Вычет при покупке (строительстве) жилья может быть получен только 1 раз в жизни.

*Замечания !!!*

1. Если физическое лицо не имело доходов, облагаемых по ставке 13%, то нельзя воспользоваться правом на вычет.

2. Если сумма доходов за отчетный год менее 2 000 000 рублей, то вычет применяется только в размере фактически полученных доходов, облагаемых по ставке 13%. Остаток вычета переходит на будущие периоды до полного использования. Временные рамки законом не определены. Право на получение вычета по уплачиваемым процентам остается у физического лица до полного погашения целевого кредита.

**Как можно получить налоговый вычет при покупке квартиры?**

Главой 23 НК РФ предусмотрено два способа получения имущественного вычета. **Во-первых,** вычет предоставляется по окончании налогового периода (календарного года) в налоговой инспекции по месту жительства при подаче декларации по форме 3-НДФЛ, соответственного письменного заявления и документов, подтверждающих право на вычет.

**Во-вторых,** можно получить имущественный вычет у своего работодателя до окончания налогового периода при условии подтверждения налоговым органом права данного налогоплательщика на вычет. В налоговую инспекцию при этом предоставляются документы, подтверждающие право на вычет, заявление и в некоторых случаях справка о доходах за предыдущий год по форме 2-НДФЛ (если работодатель предоставлял указанный вычет ранее). Налоговую декларацию в данном случае заполнять не нужно.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№13-14 (7206)*

*8 апрель 2016 сон*



Араб итни къоялъ районалъул информационнияб Централда тIобитIана гьелъул хIалтIухъабазул данделъи. Гьениб район гIуцIаралдаса 80 сон тIубаялде гьаризесел хIалтIабазул бицана Централъул нухмалъулев М-Н. ХIайбулаевас. Гьединго гьаризесел хIалтIабазул бицана «Ахихъан» газеталъул бетIерай редактор С. КъебедмухIамадовалъ.

# Рохьоса цIул босулеб къагIида



Хисулел руго нилъер хIукуматалъул гIуцIаби ва гьелдаго цадахъ рохьил магIишаталъул хIалтIиги. Рохьил магIишаталъул хIалтIи бачунаго рохьазул законал цIунизе ва битIун хIалтIизаризе тIад къан буго 2008 соналдаса нахъего «Гъуниб лесничество» пачалихъалъулаб казенияб учреждениялда.

Гьеб учреждениялда тIад къан буго рохьал лъугIулаpедухъ цIунун, хадусеб гIелалъеги пайда босизе ва нахъе хутIуледухъ хIалтIизаризе. Рохьил магIишат цебехун бачине хIалтIизарула гIемерал Россиялъул законал, пачалихъалъул хIукмаби ва нухмалъиял (Правила).

Унсоколо районалдаги буго рохьил магIишата лъул хIалтIи цебе бачунеб Унсоколо ва Хьаргаби участкаялъул лесничестваби.

Участкаялъул лесничествоялъул хIалтIи ккола рохьил магIишаталъул законал, хIукмаби, нухмалъиял гIадамаз хвезаризе течIого рохьал цIунизе ва гьенир гьарулел хIалтIаби ритIун тIуразиялда хадуб хал ккевезе, гьел тIуразаризе, изну гьечIого рохьалдаса пайда босулеб бугони, гьеб гьукъизе ва гьабурав чи тамихIалде цIазе.

Изну гьечIого рохьазда гьукъула цIул къотIизе, рохьазул ракь (хур бекьизе, хер бецизе, боцIи кванaзабизе) хIалтIизабизе, пицI бахъизе, даруял хурдул ва пихъал ракIаризе, ах - хур гьабизе, нух бахъизе, токалъул ва газалъул мухъал рачине, бакIал разе ва гь. ц.

Гьел рехсарал хIалтIаби гьаризе рохьал ижараялъе росизе ккола ва ижараялъул договор букIине ккола. ЦIул босизе ккани бичун-босиялъул договоралда рекъон кьола (договор купли-продажи).

Унсоколо районалъул киналго рохьал ккола ракь ва тIабигIат цIунулел, «хирияб» бутIаялъул. (защитные, ценные, противоэрозионные леса). Гьел рохьал хIалтIизаризе ва пайда босизе бокьарас пачали хъалъул законазда данде кколеб изнуги босизе ккола.

Шибаб соналъ рохьил магIишаталъ кьола цIул къотIизе изну. ЦIул кьезе рес бугеб бакIалда гьабула делянка. Делянка гьабизе тIоцебе бихьибула бакъвараб, рохь бухIараб ва гIаздаца, гьороца бекараб гъветI бугеб бакIалда. Гьединаб бакъвараб цIул тIоцебе кьезе ккола хIалтIизабизе, гьеб турун хвезе течIого.

20I6 соналъ цIул кьезе бихьизабун буго Унсоколо участкаялъул лесничествоялдаса ва гьенир гьарун руго делянкаби. Гьединал делянкаби руго:

- «Игьалиб - Кунзах» накIкIил бухIулеб цIул 5 кварталалдаса – I60 куб. м.; кв. 7 – 58 куб. м. (делянка 2,6,7).

- «ГIашилтIа » 3 кварталалдаса - накIкIил бухIулеб цIул – 85 куб.м., махил – 5 куб.м., бигьародул (осина) – I6 куб.м. (делянка 3);

- «ГIашилтIа» 3 кварталалдаса - накIкIил бухIулеб цIул – 36 куб.м, чIегIераб махил (граб) бухIулеб цIул – I2 куб.м., бигьародул (осина) - I2 (делянка 4);

- «ГIашилтIа » 2 кварталалдаса- накIкIил бухIулеб цIул – 53 куб.м. (делянка 8),

- «ХарачIи» 23 кварталалдаса – накIкIил бухIизе цIул – 53 куб. м.- бухIараб рохьоса (делянка 9).

- «ХахIабросо» 4 кварталалдаса - накIкIил бухIизе цIул - I7 куб. м (делянка 5).

- «ГьаракIуни – Шишилик1» 6 кварталалдаса – накIкIил бухIизе цIул – 29 куб. м. махил бухIизе цIул - 4 куб.м. (Хьаргаби участкаялъул лесничество).

ЦIул къваригIарав чи ине ккола Унсоколо участкаялъул лесничий, ГIашилтIаса ГIалиев СултIамухIамадида ва ГьаракIуниса цIул босизе Хьаргаби участкаялъул лесничий, КIикIуниса ХIасанов ГIумарида аскIоре, гьез бихьизабула цIул босулеб бакI.

Изну гьечIого гIатIгояб цIул къотIани рохьалъе кколеб зарал ва гIакIа 20I6 абилеб соналъ жеги цIикIана. Заралалъул къадар цо куб. м.: - накIкIил – 20824 гъуруш, махил – I0425 гъуруш ва ц. Гьелде тIадеги зарал 5 азарго гъуршидаса тIаде ани уголовнияб тамихIалде цIала УК РФ ст. 260 рекъон. Лъазе бокьарав чияс цIале УК РФ ст. 260, ва КоАП РФ ст. 8.28; 8.28.I.

Жиндиего босараб цIул цоги чиясе бичизеги ва бакъвараб харида цIа бакизеги гьукъун буго 20I6 сон байбихьаралдаса. ЦIа жиндирго хурибги бакизе бегьуларо.

***<u>Гьарула изну босичIого цIул къотIуге, цIулал бича-хиси гьабуге. Рохьал ва тIабигIат цIуне цIа ккеялдаса.</u>***

**И. ИСМАГIИЛОВ**

***Гъуниб лесничествоялъул нухмалъулев.***

# ГъветI чIеялъул хиралъи

ТIадегIанав Аллагьасе рецц буго, лагъзадерие гIакълу кьуралъухъ. Аллагьас инсанасе ихтияр кьуна лъикIаб яги квешаб тIаса бищизе. Цинги гьесие алжаналдалъун рохелги бицана, жужахIалдалъун хIинкъиги кьуна. Гьаб дунялалъул рокъов инасанасул камиллъи бан буго гьесул хьвада-чIвадиялда. Цинги камилав бусурманчияс кIвар гьабула жиндицаго ва жиндир хъизан лъималаз кваналеб квеналъул ва цойгидаб хIажатаб хIалтIизабиялъул. Гьедин Исламалъ инсан ахIула жиндирго квераз балагьараб жо кванаялде. Жиндирго квераз балагьараб магIишат бищун бацIадаб бугин абуна нилъер аварагасги. БацIадаб квен - гьеб буго бищун инсанасул черхалъул сахлъиялъе пайдаяб, гьесул гIумруялъул бищун лъик1аб тIагIам. Цинги гьес жиндирго квералда лъун бетIербахъи гьабулеб букIадго, гьесие ургъел букIунаро доллар багьалъаниги учузлъаниги. Гьелъ нилъ киналго Исламалъ гьесизе гьарулел руго гъветI чIеялде ва рекьуде. Бищун бацIадаб нигIматаздасан нигIмат ккола гъветIалда бижараб пихъ. ГъветI буго инсанас жиндирго квераздалъун гIезе гьабулеб Аллагьасул нигIмат. Инсанасул гIумруялъулъ гъветIалъ кIудияб бакI ккола. Гьелъул пайдабазул бицен цIакъ гIемераб буго. Гьелъ Исламалъ кутакалда кIвар буссине гьабуна гъветIалде, гьеб цIунизе ккеялде. ГъветI ч1олев, гьеб чIаралев чиясе къотIи гьабуна кIудияб кири ва гьеб къотIулев ва хвезе гьабулев чиясеги къотIи гьабуна кIудияб хIинкъи бук1ин.

Гьаб дунялалда гъветIалдасан пайда босула жагьиласги гIалимасги, бецасги канлъи бугесги, кIудиясги гьитIинасги, хIатта кинавниги рухIчIагояб щинаб жоялъ пайда босула гьелдасан. ГъветIалдасан бахъараб цIулалъул къаламалдасан гIалимас хъвала гIелму. Жагьилас гьеб цIалула. ГъветIалдасан гьабула, цIул, къалам, тIамач, сивак, унтуе дару, минаялъе чIалу. ХIатта ракьалда ругел хIутI-хъумур буссунеб бакIги ккола гъветI. ГIалхул хIайваналдаса тIурулев чи вахунеб бакIги гьеб буго.,Риидалил бухIараб къоялъ рагIдукь чIолеб бакIги гъветI буго, цIадалдаса вахчулеб бакIги гьеб буго. ГъветIалъул пайдалъул гIорхъиго гьечIо. Гьелъул бищун кIудияб пайдабаздасан ккола, инсанасе къуват бачIиналъе квенлъун гьелда бижараб пихъ букIин. Гьедин Аллагь гурхIун Аллагьас гIадамазе ракьалда бижана чанго хIикмат жиндилъ бугеб – гъветI.



Аллагьасда аскIоб гъветI хIурмат бугеб ва къимат бугеблъун букIин нилъеда бич1чIизе Аллагь Хирияб Къурънaналда жанив гъветIалдалъун гьедана. ХIатта ТIадегIанав Аллагьас Хирияб Къуръаналда анцI-анцI бакIазда рехсей гьабун буго гъветIалъул. Гьелъул рехсей гьабун буго Аллагьас гьедулеб бакIалда; «ИнжиралхIаги ва ОливкаялхIаги» - абун. Гьединго Аллагьас гъветIалдалъун мисал бачун буго Хирияб Къуръаналда Жиндирго хIалк1вей гIадамазда бичIизабизе. Цойги сураялда Аллагьас бицунеб буго аварагас муъминзабазул гьабураб къотIиялъул. Гьеб вакъигIат бицунаго Аллагьас абулеб буго, магIна: «Гьез дургун къотIи гъветIалда гъоркь гьабидал» - абун.

Хирияв аварагас (с. т. г1. в.) алжаналда муъминзабазе рукIунел нигIматал рехсолаго хассаб кIвар буссине гьабуна гъветIалде ва ахазде. Абу СагIид Худрияс бицунеб буго аварагас абунин абун; «Алжаналда жаниб буго цо гъветI, хехаб жоялда рекIун унев чи гьеб гъотIокьан уна нусго соналъ» - абун.

Хадубги пикру гьабе гъветIалдалъун Исламияб тарихалда жаниб лъугьарал гIажаибал къисабазул. Гьел къисаби ккола хирияв аварагасе (с. т. г1. в.) мугIжизатлъун чIараб къиса. ГIали асхIабас бицунеб буго, жив аварагасда (с. т. г1. в.) цадахъ Макка шагьарги бахун къватIирехун унаанин абун. Цинги ниж мугIрузда ва гъутIбузда аскIосан унаго гьез абулаан «Ассаламу гIалайка, я Расулуллагь». Цойги мугIжизат буго Хирияв аварагас ахIидал гъветI гьесда аскIобе бачIиналъул хIакъалъулъ. Цо нухалъ хирияв аварагпашманго вукIана, Маккаялъул гIадамаз кьабиялъ гьесул гьурмадаса бачIинеб биги букIана. Цинги зобалаздасан Жабраг1ил малаикги вачIун хириясда гьикъулеб буго.

**(Ахир 6 гьумералда)**

# ГIилла-гIадатияб лъавукълъи

Качество гьечIеб медхъулухъалъул ра хъалъ ахIи-хIур лъугьана кIалъазе рахъаразда гьоркьоб. Гьеб суалгун кIалъарай Шамильхъалаялъул больницаялъул бетIерай врач З. МухIамадовалъ бихьизабуна кинабго гIайиб врачазда гьечIин, гIолеб гьечIин хIажатаб оборудование ва хIалтIуе хIажатал шартIал чIезаризе гьечIин сурсатал. –ЛъикIаб гIарац бугелъуре унел руго хIалтIизе врачал. ГIемерисел захIмалъаби министерствалда рарал гьечIо. Мисалалъе, туберкулез, бруцеллез, йод гIолеб гьечIолъи бугин.

Хадуб кIалъарав ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна районалда гIемерал саназ гIодобе биччараб хIал букIинчIин. Гьес тIадчIей гьабуна гьаризесел хIалтIабазда. Гьединго бихьизабуна районалъул халкъалда цебе 9 млрд. налъи бугин ва кумек гьарана пачалихъалдасан.

РукIана суалал общественнияб судалда гIенеккизелъун «Дагъправдаялда» рахъиялъул. Гьелъул редактор Б. Токбулатовалъ бихьизабуна: кIудияб къадар бакIаб информациялъул чIехьолеб бугин нилъеде СМИяз битIарабги гьересиябги. Гьеб рахъалде къасиги къадги соцсеталда хадуб хал ккезе кколин абуна гьелъ. Гьединго газеталдасан лъелъ гъанкъарал ракьазул суал борхилинги бихьизабуна гьелъ.

Редакторалдехун жидерго унтарал суалалгун кIалъана Генуб росдал гIадамал, гьезул суалал рукIана рагъул аскаразул сверун ккеялдаса гIайиб гьечIел гIадамал эркен гьариялъе кумек гьабе,-ян.

Культура гIодобе ккеялъул ва клубал тIагIунел рукIиналъул бицана М-Р. МухIамадрасуловас. Авар театралъул захIмалъабазулги бицана гьес.

ЦIакъго асар гьабулеб букIана психологиял гIелмабазул кандидат, ДГПУялъул декан П. ГIумаровалъул кIалъай. Гьелъ бихьизабуна ме къияб информациялъул асаралде гъоркье ккарал гIолилал мекъаб нухде цIидасан ккезе рес бугин ва гьев хъачIав вукIин лъалеб жо бугин.

Т. Гамалеялъ тIаде гIадамалги къабул гьаруна.

# ГъветI чIеялъул хиралъи

«Щиб дуе ккараб?» Аварагас гьесие жаваб кьолеб буго – «гьаз дие гьабги гьабги гьабуна» - ян абун. Цинги ЖабрагIилица аварагасул ракI гIодобе биччазабизе абулеб буго, «цо мугIжизат бихьизе гьабизе бокьилищ дуе?» «Бихьизе гьабе», – ян аварагас абидал, ЖабрагIил кIкIал бахун добехун бугеб гьотIохъ валагьана, цинги аварагасде абуна, гьеб гъветI духъего ахIе,-ян. Хирияс ахIидал кьолболъанаги бахъун билъанхъулаго аварагасда цебе чIана гъветI. Гьанже нахъе буссине гьабе,-ян ЖабрагIилица абидал, аварагас гъветIалда абулеб буго «мун тIад бусса»,-ян, гьедин гъветI жибго букIараб бакIалде тIадги буссуна. Цинги нилъер хирияс ракI бохиялъ абулеб буго ЖабрагIил малаикасда «гIела» - ян. (Ибун Маджагь).

Хадубги Имам Муслимица Жабир бину ГIабдуллагьидасан бицунеб буго гьотIолги аварагасулги ккараб цойги мугIжизат. Аварагасда цадахъ унел рукIана ниж – ян абулеб буго Жабирица. Гьедин унаго ниж щвана цо кIудияб кIкIал бугеб бакIалде. Цо заманалдасан Хирияв жиндирго хIажат тIубазе дагьалъ рикIкIадегIан ана. Гьесда хадув лъимги кодоб ккун дунги вукIана. Цинги Бичасул Аварагасе сверун балагьана. КигIан балагьаниги вахчизегIадаб бакI аварагасда бихьичIо, амма кIкIалал цо рагIалда букIана цо гъветI, цойги рагIалдаги букIана цойги гъветI. Цинги Хирияс цояб гьотIоде аскIоеги ун гьелъул гIаркьелги ккун абуна: «Аллагьасул изнуялдалъун дида хадуб бачIа», - ян. Бухьараб варани гIадин гъветI аварагасда хадуб билъанхъун бачIана. Гьедин гьеб гъветIги бачун аварагас щолев вуго гьобцояб гьотIоде аскIове. Гьелъулги гIаркьелги ккун гьоб цояб-го гIадин хадуб цIана аварагас гъветI. КIибго гъветIалда цинги аварагас абулеб буго: «Аллагьасул изнуялдалъун дида сверун лъугьа,- абун. Гьеб мехалъ Хирияв вахчизе гьавулев вуго гъутIбуца.»

ГъветI чIей ккола хирияв Аварагасул ва цере рукIарал лъикIал гIадамазулги нух. Салманул Фарисица бицунеб буго; «Лагълъиялдаса дун тархъиялъе шартIлъун бихьизе гьабуна щунусго пихъ кьолеб гъветI дица гIезаби, гьеб гIейдал дун узденав чилъунги лъугьунаан. Цинги гьеб дие лъураб шартI дица Аварагасе бициндал, Аварагас абуна, «дуе гьеб чIезе бокьун батани, дуца дие изну кье, дица чIела гьел гъутIби», - абун. Цинги изну кьедал, хирияс цо хутIизегIан киналго гъутIби чIана, гьеб цо гъветI дицаго чIун букIана. Кинабго гъветIалъ пихъги кьуна дица чIаралъ хутIизегIан».

Аварагас жиндир гIумруялда жаниб дагьал гъутIби чIечIо, хIатта гьесул хириял кверaз чIарал гъутIбуздасан чIараб сагIаталъго пихъ кьун гIадамаз кваналебги букIана. Жинцаго чIеялда гIей гьабичIого Хирияв Аварагас (с. т. гI. в.) нилъ ахIана ва гьесизе гьаруна гъутIби чIеялде. Муслимица бицунеб буго Жабирицаги Анасицаги бицанин абун; «щив бусурманчияс гъветI чIаниги яги рекьи гьабуни цинги гьеб гIадамаз яги хIайваназ яги цойги жоялъ кванани, гьесие гьелъухъ кири букIуна» - ян. Гьелъул кири букIуна, гъветI чIварав чи хун хадубги.

Пикру гьабеха чан хIутI-хъумур гъветIалде бахунеб, чан хIинчIалъ пихъ кваналеб, чан гъеду, хIайван хуриб лъугьунеб. Гьеб киналъулго кири бачIине буго гьаб гъветI ракьулъ лъурав чиясе. Бусурманчиясе рекъоларо, - гьанже лъица кваназе жинца гьеб гъветI чIела, - ян абизе. КигIан гIумруялъ гьев кIодолъаниги гьес гъветIалъе хъулухъ гьабиялъе жигар бахъизе ккола.

Цо шагьаралда чанаве унаго, ханасда ватун вуго оливкалъул гъветI чIолев херав чи. Ханас абун буго – Ле херав! Лъица кваназе дуца гьеб чIолеб бугеб? Дуда лъаларищ гьеб гъветIалда пихъ бижуларо лъеберго сонидасан гурого, – абун. Херас абун буго, - Я хан, цере рукIараз бекьана нилъеца кванана, нилъеца бекьила хадусез кванала, – ян. Херасул рагIабаз хIайран гьавурав ханас аскIор рукIаразде амру гьабуна, гьав херасе азарго динар кье,-ян. РакIалдаго гьечIого щвараб гIарцухъги балагьун гIажаиблъарав херас нахъги абуна ханасда. Оливковияб гъветIалъ лъеберго сонидасан гурого пихъ кьоларо, амма гьаб дир гъветIалъ чIараб сагIаталдаго пихъ кьуна, – ян. Гьал рагIабазги тIадеги гIажаиблъизе гьавурав ханас, аскIор рукIаразда нахъойги амру гьабуна херасе азарго динар кье,-ян. Гьанжеги херав хIайранлъун хутIана, жиндиего щвараб гIарцухъги балагьун гьес абуна ханасда. Гьаб гъветIоца лъагIалида жаниб цо нухалъ гурого пихъ кьоларо, амма дие гьалъ лъагIалида жаниб кIиго нухалъ пихъ кьуна, – ян. Гьанжеги ханас хIикмат гьабуна херасул рагIабазде ва тIаде цойги азарго динар кье,-ян амру гьабуна. Гьебги кьун ханас хехго нух босана, цодагьалъги нилъ гьанир лъалхъани, кодоб бугеб щинаб хазина лъугIизехъин бугин,- абун.

Ахир заманаялда гъутIби чIолел киса гурин хIатта гьеб хвезе гьабулел, кьотIулел рихьулел руго нилъеда. Гьеб буго Исламалъ кутакалда хIинкъи кьураб пиша. ГIабдуллагь бин ЖахIшица абулеб буго аварагас абунин; ХIатта боркьараб гьазават бугониги бусурбанчиясе ихтияр кьоларо тушманазул гъветI кьотIизецин.

ГъветI буго мун вуссунеб бакI, дур бер бохулеб нигIмат, мун гIорцIулеб тIагIам, дур алжаналъул рагIад. Аллагьас мун цIунайги, дуца гъветI цIунараб гIадин. Амин!

**МухIаммад ХIабиб – хIажи ПИСАЕВ, Шамильхъала поселокалъул имам**

## Малъа-хъваял

* Котлетазе, тефтелазе фарш гьабизе лъикIаб буго кьаралъи гьечIеб гьанал.
* Фаршалъул тIагIам гIемерго лъикIаб букIуна гьелда гьорлъе бежарабгун бежичIеб пер ва бежа-бельинчIеб картошка жубазабуни.
* ЧчугIа тIагIамаб букIине ккани, гьеб рахьдалъ лъезе ккола. Хадуб крахмалгун жубазабураб ханжуялда гьорлъги гиргизабун, лъикIго бухIилеб нахулъ лъела.
* БухIараб жоялде цIам базе лъикIаб букIуна гьеб гьализе лъугьарабго.
* Ламадур бежараб мехалда гьелда тIаде дагьабго чакар щвани, гьелъул кьерги тIагIамги лъикIаб лъугьуна.
* Петрушка хинаб лъеца чурани, махI дагьабги лъикIаб букIуна.
* Пер кьотIулаго магIу чваххуларо нусалъул тIогьиб чадил кесек кьазабуни.

*Унсоколо район гIуцIун - 80 сон*

# Лъималазул сахлъиялъе кьураб гIумро

ХIалхьи гьечIеб буго гьеб хIалтIи. Гьаруралдаса нахъе районалда бугеб щибаб лъимералда хадуб хал ккун букIунаан гьелъ. Щакъго къвакIараб буго лъимер хвеялдехун гьабулеб бербалагьи. Лъималазул отделениялъе нухмалъи гьабулаго Разиятица кьварараб бербалагьиялда гьоркь чIезабун букIунаан районалда ругел тIолалго гьитIичал, зама-заманаялдасан больницаялде ахIун хал гьабулаан гьезул сахлъиялъул, гIеялъул, гьарулаан прививкаби.



Жиб-жиб росабалъе врачал унел къоял гьоркьоре рачараб график буго больницаялда. Цогидал медикалгун цадахъ лъималазухъе унаан Разиятги, щивасул бугеб ахIвал-хIалги хъван, лъималазда хадуб хъаравуллъи ккей букIинабулаан киса-кибго. Гьединлъидал гьанже гIезегIанго гIодобе ккун буго лъималазда гьоркьоб хвел.

ПицIго врачлъун гурейги гIаданлъунги ятIа яхъула Разият. Гьей йиго ракI гIатIидай, гурхIел цIикIкIарай гIадан. Пагарлъиялда ругелщинал эбел-эмен камурал, къо бихьарал руссуна гьелда сверухъе ва щивасда Разиятилъ батула жидеего камурал. Кидаго хIадурго йикIуна гьей гIадамазе кумекалъе яхъине.

58 соналъ гIадамазул сахлъи цIуниялъе хIалхьи гьечIеб фронталда чIарай Разият ХIусейнова гьал къоязда регIана мустахIикъаб хIалхьиялде. Гьелщинал соназ чан хвалил квачIикь бугеб лъимерха гьелъ хвасар гьабураб, чан лъимадул гIанчIал берал унти кIочон, гьелъие гьимарал? Гьединал лахIзатаз дунялго жиндие гьимулеб бугилан кколаан Разиятида.

Жиндирго хасиятаб хехлъиялда нухда къокъунеб буго гIумроялъул гьоко. Гьеб цебехун уна нилъеца бачунеб хIалтIи. Аллагьас кьола гIумроги, гIумро гьабизе дунялги, кваназе-регIине рикъзиги. ХутIараб бараб буго чиясда жиндаго, гьесул къеркьеялда. «Дун талихIай йиго ракI-ракIалъ гIадамазе кумек гьабизе щвеялдаса»,-ян абула гьанже Разиятица. Гьедин абула гIумроялъул нух битIун тIаса бищизе бажарарал гIадамаз.

Бащдаб гIасруялдасаги цIикIкIараб заманаялъ тIубазабуна Разиятица гьанжего гьанже гьарурал лъималазул сахлъи цIуниялъул жавабияб хIалтIи. Кидаго тIубазеги гьеб гьабуна ракI-ракIалъ, жиндирго лъималазул сахлъи цIунулеб гIадин. Гьедин лъималазе сайгъат гьабуна гьелъ жиндирго гIумро.

*Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.*

# МахшелчагIазухъ сах гьаризе лъикI букIуна

Сахлъиялдаса хIажалъулеб жо гIадамасе щибниги гьечIо. Гьев вукIине бегьула гIакъилав, гIелмуялъе, творчествоялъе, кинаб бугониги махщелалъе бажари бугев. Амма сахлъи гьечIони нахъе ккола цIали, хIалтIи, тIубазабулеб ишалъулъ бажари. Гьедин гIадамасул сахлъиялъул хъаравуллъуда хъахIаб халгIатги ретIун чIарав медик вуго щивасул гIумроялъе чара гьечIев чи.

Гиппократил гьаялъе ритIухъго чIун щивав унтарасул ахIвал-хIалги бичIчIун хIалтIулел руго районалъул больницалъул персонал. Гьаб соналъул февраль моцIалда дунги егун йикIана гьеб больницаялъул хирургиялъул отделениялда. БитIухъе бицани больницаялда жаниб бугеб ахIвал-хIалалъго сах гьарула гIадамал.

Хирургиялъул отделениялъе бажарун нухмалъи гьабулеб буго ХIамзат ХIамзатовас. ТIолабго хIалтIул персонал кIудияб адабхIурматгун гIенеккула тIалабчилъи бугев жидерго нухмалъулесухъ. Гьев вуго коллективалъул ракI ва отделениялъул хважаин. Киналго хIалтIухъабийин абуни руго цоцазул адаб ккурал, щивасе лъикIлъи бокьулел, ракI-ракIалъ унтаразухъ балагьулел, гьезул хинаб гьоркьоблъиялъ гIодоцуна унти. Гьениб буго тIасияб рахъалъул рацIцIалъи, душ, санагIатал санузлаби, хинаб ва цIорораб лъим, тIагIамаб ва калория цIикIкIарал, къойида жаниб ункъго нухалъ кьолеб батIибатIияб квен. ТIадегIанаб къадру-кьиматалъе мустахIикъай йиго кIудияй сестра ХIабибат ГIабдулаева, дежурниял сестраби Ума ГIумарова, Халун МухIамадгIалиева, ГIайшат МухIамадханова, санитаркаби А. ГIабдулаева, А. МухIамадова, ХI. ЗайнулгIабидоваги.

Чиясда кIола ракьалда лъикIаб лъалкI тезе, жиндирго лъикIлъиялъ, кIварги ракIги гIатIилъиялъ, гIадамаздехун ракI унтун валагьиялъ ва гIемерал цогидалги качествабаз. Унтаразе абуни гьел руго цо механизмалъул чара гьечIел бутIаби гIадал чагIи. Гьелъ отделение гьабун буго цоцалъ рекъон, хIалтIулеблъун гьудуллъи щулиябльун, унтарасе пайдаяблъун ва щивав унтарав гьенив гьабулеб хъулухъалдаса разиго вуго.

Баркала цойги нухалъ районалъул больницаялъул нухмалъулей ГIайшат МухIамадовалъе, тIолабго коллективалъе ,хасго отделениялъул зав. ХI. ХIамзатовасе унтарасе санагIатаб ва пайдаяб кьагIидаялъ хIалтIи гIуцIаралъухъ. РакI-ракIалъ баркизе бокьун буго гьезда тIаде щолеб бугеб сахлъи цIуниялъул къо. Аллагьас сахлъи кьун рохун таги нуж, районалъул гIадамал щула гьаризе. Нужеда божарал унтаразул рахьалдасан бокьун буго нужее талихIрохел гьаризе, кидаго сунгеги нужер гьормаздаса рохалил гьими, битI ккайги гьабулебщиналъулъ!

*ПатIимат ХIАСАНОВА.*
*Медицинаялъул ветеран, Унсоколо росо.*


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28

Телефон редактора
55-63-07
sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать -4 .7. 16 г. 15.20
фактически -16.30 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.